



† VENANT BACINONI

EVÊQUE DE BURURI

Réf. 677/db/ls/19

KUGIRA NGO IJAMBO RY'IMANA RIBE IMFUNGURWA Y'URUGO, NITURITUNGE, TURISOME, TURIZIRIKANE

Inyigisho y'ukwitegurira umusi mukuru wa Noweli 2019

0. INDAMUTSO N'INTANGAMARARA

Bakristu bavukanyi ndabaramukije mwese.

Ni musangwe amahoro ya Kristu Umwana w'Imana yigize umuntu.

Ni musangwe imigisha y'Imana Data Mushoboravyose.

Ni musagwe n'ingabirano za Mutima Mweranda.

Turi mu gihe c'Ubushikiro bwo kwitegurira umusi mukuru wa Noweli, umusi duhimbaza ukwigira umuntu kwa Jambo w'Imana mu bantu, tugashemeza Yezu yavutse mu bantu kugira abane natwe.

Muri iki gihe Ekleziya umuvyeyi wacu iradufasha kuzirikana n'ugukenguruka ico kinyegezwa ceranda c'urukundo rw'Imana, tukaboneraho n'ukwisuzuma tumurikiwe n'Ijambo ry'Imana, tukakira ikigongwe cayo, kugira ngo tubashe kwakirira Yezu mu mitima yiteguye.

Muri uyu mwaka ugira kabiri wa ya nteguro y'ubutumwa y'imyaka itatu, mu nyigisho tuzobashikiriza no mu bindi bikorwa bizodukoranya, tuzoguma tugaruka k'ukugene Ijambo ry'Imana ryoguma riba imfungurwa y'ingo z'abakristu.

Nkuko twari twabitanguye mu mwaka uheze, muri ubu Bushikiro tugomba dusubire kubahirira kwihatira kuronka ico gitabu ca Bibiliya Nyeranda kirimwo Ijambo ry'Imana, ni ukuvuga Ubwuzure bwa kera n'Ubwuzure bushasha, maze mube mugitunze mu ngo zanyu, mu mibano rukristu, mu mashure, mu mihari no mu migwi yose y'ubutumwa.

Aha twobibutsa mu majambo make ibiri muri Bibliya Nyeranda: Ico gitabu kiratwiganira mu majambo kikatwereka no mu bimenyetso ingene Imana itaboneka yo nyene yimenyesheje abantu, ikamenyesha n'ishaka ryayo (raba Abanyefezi 1,9), n'ingene rero abantu, muri Yezu Kristu Jambo yigize umuntu, bashikira Mana Data, bafashijwe na Mutima Mweranda, maze gurtyo bagasangizwa kuri kamere y'Imana nyene (raba Abanyefezi 2,18 ; 2 Petero 1,4). Ivyo vyose Imana ikaba yabitumwe n'urukundo ntangere



† VENANT BACINONI

EVÊQUE DE BURURI

idufitiye, ikatuganirira nk'uko umuntu aganira n'umugenzi (raba Ihunguka 33,11 ; Yohani 15,14-15). Ni ukugira ngo idutumire ibone kuduha gusangira na Yo ubuzima bwayo.

Yezu ahejeje kwigisha ivyerekeye kwemera ijambo ryiwe n'ukwakira umubiri wiwe n'amaraso yiwe (Ukaristiya), yabwiye ishengerero ati : « *Yamara muri mwebwe harimwo bamwe batemera.... Arongera ati : “Nico gituma ndababwiye ko atawoza iwanje Data atabimuhaye”*. Kuva ubwo, benshi mu bigishwa biwe baciye biyonjorora, ntibaba bakimugendanira. Yezu rero abwira ba bandi cumi na babiri ati : “*Namwe mushaka kwigira ?*”. Simoni Petero aramwishura ati : “*Mukama, turi bwirukire nde wundi ? Ko ari wewe ufise amajambo y'ubuzima budahera ?* » (Yohani 6,64...68).

I. UGUTUNGA BIBILIYA N'UKUYISOMA TUBIGEJEJE HE?

I.1. Bimwe muvyo twashitseko

Muri kino gihe dutanguye umwaka ugira kabiri w'integuro y'ubutumwa bw'imyaka itatu, ikiduhimbara ni ukwumva ko ahatari hake ako kamo twabateye hariho abakwumvise kandi bagafashe nkama:

Abakristu barahimirijwe ngo bahe agaciro Ijambo ry'Imana mu kwemera kwabo. Barahimirijwe gutunga igitabu ca Bibiliya Nyeranda. Baribukijwe ko ukwemera nyakwo gushimikira k'ukumenya n'ukuyobokera Ijambo ry'Imana.

Hariho abakristu bagize akigoro twabasavye, baragura igitabu ca Bibiliya Nyeranda, bikaba vyarabafashije gutera intambwe mu kumenya Ijambo ry'Imana. Ryarababereye imfungurwa y'umutima, ribafasha gukomeza ukwemera n'ukugorora imico n'imigenderanire bafitaniye. Hariho n'abatanguye kwisunga iryo jambo ry'Imana mu gusenga kwabo, mu kugira amanama mu mihari no mu migwi y'ubutumwa.

Twonashima n'abandi naho batarashobora kuronka Bibiliya baguma bayipfuzza kuko bamaze gutahura ko Bibiliya ari kirumara mu kubungabunga ukwemera Imana n'ukugumya ubucuti bafitaniye na Yo.

Mu ma paruwase no mu mashure amwe amwe haravutse imigwi y'abakristu bipfuzza kumenya kuruta Ijambo ry'Imana. Bararonkejwe inyigisho yo kumenya ibitabu biri muri Bibiliya n'ukwimenyereza kubisoma n'ukuzirikana ivyanditswemwo. Bamwe mbere bakaba bamaze gufata umugenzo mwiza wo kuja baritwaza igitabu ca Bibiliya Nyeranda bagiye mu



† VENANT BACINONI

EVÊQUE DE BURURI

manama y'ubutumwa no mu makoraniro yo gusenga. Birakwiye rero ko ata paruwase n'imwe yosigara idafise ben'iyoy mirwi y'ugusomera hamwe ijambo ry'Imana n'ukurizikanira hamwe. Kandi birakwiye ko abasaserdoti ba Kristu, n'abo bose bashinzwe ubutumwa bw'ugukwiza hose Ijambo ry'Imana, abadiyakoni, abihebeye Imana, abamenyeshamana, bafata umwanya w'ugusoma n'ukuzirikana ijambo ry'Imana, bakaritegera neza, bakarikunda, kugira nti hagire n'umwe muri bo ahava aba *“umusiguzi mburakimazi w'Ijambo ry'Imana hanze, na we atabanje kuryumviriza mu mutima wiwe”* (Inama nkuru ya Vatikano ya II, ikoresheje amajambo ya Agostino Mweranda).

Muri uwo mwaka urangiye hari ingo zahimbaje amasabukuru y'imyaka bamaze bubakanye bafise igitabu ceranda ca Bibiliya.

Ahatari hake haratunganijwe ibiteramo vyo kumenya igitabu ca Bibiliya Nyeranda, kukimenyeshya n'ukugikundisha mu rwaruka no mu bakuze.

Mu kigo ca Diyoseze c'ukunagura abari mu butumwa c'i Buta, haratanzwe inyigisho y'ukumenya n'ukwimenyereza gusoma Bibiliya yahawe abamenyeshamana b'abatangakivi bashika 120, bari baje bava mu maparuwase yose no mu makambi y'abasirikare n'abapolisi.

Turahimbarwa n'uko mu ma paruwase baja baratanguye kugira ko ku nama zibiri z'umubano rukristu zitegekanijwe mu kwezi, imwe iharirwa gusoma n'ukuzirikana ijambo ry'Imana.

Ku misi mikuru itandukanye, nko ku rusangi rwa mbere rw'abana, canke mu kuragana no mu gukomezwa muri Mutima Mweranda, ku misi y'ubugeni, ku misi y'amayubile, canke mu mahiganwa hari bamwe bamaze kwijukira kuja baragaba igitabu ca Bibiliya nk'akaganuke canke agashimwe.

Nkuko twabitanguye mu mwaka uheze rero, muri ubu bushikiro twagomba dusubire kubahimiriza kwihatira kuronka ico gitabu ca Bibiliya kirimwo Ijambo ry'Imana mu ngo zanyu, mu mibano rukristu, mu mashure, mu mihari no mu migwi yose y'ubutumwa.

I.2. Urugendo twatanguye turarubandanya

Niko turashimishwa cane n'abakristu bitavye akamo twabateye bagatera intambwe mu gutunga no mu gukunda gusoma igitabu c'Ijambo ry'Imana ari ryo twita Bibiliya Nyeranda, yamara nta wosya bwose, urugendo ruracari rurerure ku batari bake.

Mbega ingo z'abakristu zitunze ico gitabu zingana iki? Mbega mu rwaruka, mu bize no mu bakozi ba Leta canke abikorera utwabo, abafise igitabu ca Bibiliya nyeranda bangana



† VENANT BACINONI

EVÊQUE DE BURURI

iki? Abakristu bamwe bamwe bazotangura ryari guhurumbira Ijambo ry’Imana n’ugutunga igitabu ca Bibiliya? Mbega Ijambo ry’Imana rirafise ikibanza kiribereye mu makoraniro yose no mu manama yose ahuza abakristu ?

II. URUGO RWUBAKIYE KW’IJAMBO RY’IMANA NIRWO RUBA RWUBAKIYE K’URUTARE

“Umuntu wese rero yumva ayo majambo mvuze akayashira mu ngiro, ameze nk’umuntu w’inkerebutsi yiyubakira inzu ku rutare, imvura ikagwa, imivo igatamba, ibivumbuzi bikisuka kuri nya nzu, yamara ntisiduke, kuko yubatse ku rutare.” (Mat. 7,24)

Twese turipfuzwa kuba mu ngo ziremeye. Kuri twebwe abakristu igikuru gishobora kuremesha ingo ni Ijambo ry’Imana. Yamara rero, naho hariho ingo zimwe zamaze kuryijukira, ivyo tubona ni uko hariho n’izindi zitarariha ikibanza gikwiye. None Ijambo ry’Imana ni iki?

Iyo umuntu ashaka gushikiriza ivyiyumviro vyawe, arafise uburyo akoresha ariko kenshi akoresha amajambo. Ijambo ry’Imana rero ni uburyo Imana yakoresheje kandi n’ubu ibandanya ikoresha mu kumenyesha abantu ico iri, n’ico ishaka. *“Mu bihe vyinshi no mu buryo bwinshi, Imana yarayagiye kera ba sokuru iciye ku bahanuzi. Muri iyi misi y’imperuka naho, yatuyagiye iciye ku Mwana wayo yashinze kuba Samuragwa wa vyose”* (Abahebereri 1,1-2).

Ico Imana ishaka naco ni uko abantu bose bakira. Ijambo ry’Imana rero ni urumuri rw’ubuzima bw’abantu: *“Ijambo ryawe ni urumuri rw’ibirenge vyanje, ni umuco w’inzira yanje.”* (Zaburi 119, 105)

II. 1. Ijambo ry’Imana niryo shingiro ry’umubano w’abubakanye.

Abubakanye bemera kubana n’ugusangira ubuzima. Kuri twebwe twemera, ukubana kw’umugabo n’umugore kwashinzwe n’umugambi w’Imana. Adamu amaze kubona Eva umufasha Imana imuhaye yaranezerewe cane avuga ati: *“Ubuho rero ni igufa ry’amagufa yanje, ni umubiri w’umubiri wanje”* (Amamuko 2,23a).

Ijambo ry’Imana niryo rikomeza urukundo ruba rwarafatanije abubakanye. Ijambo ry’Imana ritwereka ko Jambo w’Imana yatumenyesheje ko Data ari Rukundo. Birumvikana rero ko abashinze urugo mu Mana ata handi bashingira imizi, ata n’ahandi bovoma ubumwe bafitaniye atari kuri Kristu Jambo w’Imana, We yatumenyesheje Data, akaduha Mutima



† VENANT BACINONI

EVÊQUE DE BURURI

mweranda, bakaba bagize bwa bumwe budacika kandi bwuzuye muri ca kinyegezwa c'Ubutatu Bweranda.

Muri iryo jambo ry'Imana, niho dusanga na rya bwirizwa ry'urukundo riranga zina mukristu wese. Urwo rukundo rushimikiye kw'Ijambo ry'Imana rero *ruriyumanganya, rugenza runtu, ntirugira ishari, ntirwihayagiza, ntirwishira hejuru, ntirukora ikitaroranye, ntirurondera akunguko, ntirugira ishavu, ntirubika akabi mu nda, ntirunenezerezwa n'ubugunge, ariko runezerezwa n'ukuri. Rurenzako muri vyose, rwemera vyose, rwizigira vyose, rurinda vyose kandi ntiruhera* (Raba I Abanyakorenti 13,4-7).

Ijambo ry'Imana rifasha abubakanye gusangira intumbero imwe y'urugo, n'ugusangira imigambi imwe, kuko bavoma kw'isôko rimwe. Bakabona kwamana akanyamuneza gakomotse kuri iryo Jambo ry'Imana riguma ribahuza. *"Hahiriwe umuntu yubaha Umukama kandi akagendera mu nzira ziwe...Uzohirwa kandi uzororanirwa. Umugore wawe azomera nk'umuzabibu utengengeye ugakikuzza inzu yawe. Abana bawe bazokikiza imeza yawe nk'ingemwe z'imizeti"* (Zaburi 128, 1-3).

II.2. Ijambo ry'Imana niryo rirangira abavyeyi inzira barereramwo abana babo

Ijambo ry'Imana niryo rirangira abubakanye ko ubuzima bw'umuntu wese bukomoka ku Mana, bukabeshwaho na Yo kandi bukaguma bwerekeza kuri Yo.

Ijambo ry'Imana kandi niryo ritumenyeshya ivyiza vyose Imana yagiriye abantu n'ivyo ibandanya ibagirira, rikatubwira mbere n'ivyo idutegeka kugira ngo tugumane na Yo. *"Umuhungu wawe ni yakubaza ati: 'amateka, amategeko n'ingingo Umukama Imana yacu yagutegetse ni ayahe?' Nawe uzobwira uwo muhungu wawe uti: 'Twari abaja ba Farawoni mu Misiri, ariko Umukama atuvana mu Misiri akoresheje ikiganza ciwe gikomeye(...). Umukama yadutegetse gukurikiza ayo mategeko yiwe yose n'ukwubaha Umukama Imana yacu, kugira ngo turoranirwe imisi yose, kandi atuzigame nk'uko biri uyu musi. Tuzoba tubaye intungane ni twakwirikiza ayo mategeko yose imbere y'Umukama Imana yacu, nk'uko yabidutegetse."*(Amategeko 6,20...25).

Umukama Yezu na we atubwira ati: *"Ntimugire ngo nazanywe n'ugukura amateka canke inyigisho z'abahanuzi; eka sinazanywe n'ukuzimanganya, naje kunogereza...Uwuzorenga ibwirizwa mur'ayo mategeko kandi akigisha abandi kugira nka we, azogirwa uwanyuma mu Bwami bw'ijuru; ariko uwuzoyakora akayigisha, uwo azogirwa mukuru mu Bwami bw'ijuru"*(Matayo 5,17-19).

Ijambo ry'Imana rero niryo rirangira abavyeyi inzira nziza batumberezamwo ibibondo vyabo. Niryo rituma umwana akura mu bwiza no mu bwitonzi, agakura arondera na ntaryo kumenya n'ukugendera mu karanga Imana yamugeneye. Niho aheza akaba umuntu abushitse, nk'uko Paulo Mweranda abivuga ati: *"Ni co gituma mbinginga...ngo mwigenze*



† VENANT BACINONI

EVÊQUE DE BURURI

nk'uko bikwiranye n'itorwa mwatorewe, mu kwicisha bugufi no mu gutekereza muri vyose, mu kwiyumanganya, mukagiriranira imbababzi zivuye ku rukundo, mugashishikara kuzigama ubumwe bw'umutima mubwungisha amahoro. Hari umubiri umwe n'Umukama umwe nk'uko kandi ivyo muhamagariwe kwizera ari bimwe. Hari ho Umukama umwe, ukwemera kumwe n'Ibatisimu imwe. Hariho Imana imwe ari Yo Se wa bose, isumba bose, igenza bose kandi iri muri bose” (Abanyefezi 4,1-5).

M'ukurera abana babo, abavyeyi nyabo bafatira ku karorero k'Imana yareze igihugu cayo Israeli mu kubacira inzira, mu kubama hafi ikabitwararika nk'umuvyeyi nyene, mu kubigisha amabwirizwa yayo, mu kubagaburira bashonje, mu kwihanganira amagara make yabo, mu kubahanura, mu kubahana iyo bacumuye, no mu kubashikana mu gihugu c'isezerano yari yarabemereye, ikakibagabira (Raba Ozeya 11,1-11). Abavyeyi b'abakristu babwirizwa kubakundisha Bibiliya n'ukuyibareresha, bamenye ko *“kutamenya Ivyanditswe vyeranda, ni ukutamenya Kristu”* (Yeronimo Mweranda).

II.3. Umuryango mweranda w'i Nazareti ni akarorero n'irabiro ry'ingo zubakiye kw'Ijambo ry'Imana

Ijambo ry'Imana niryo ryahuje Mariya na Yozefu, riraheza rihindura imigambi yabo. *“Humura Mariya waragiriwe ubuntu n'Imana. Uza gusama inda, uze uyivyaremwo umwana w'umuhungu, uzomwite Yezu.”*(Luka 1,30-31). Mariya yishuye ati: *“Jewe ndi umusavyi w'Umukama, ni bimbere uko ubivuze”*(Luka 1,38a).

Yozefu na we amaze kumenya ko Mariya afise imbanyi kandi batarabana, yaciye yigira inama yo kumuhebera mu mpisho, ariko amaze kwumva ijambo abwiwe n'umumalayika, yaciye agamburuka. *“Yozefu yikanguye, akora ico umumalayika w'Umukama yari yamutegetse, ajana iwe umugore wiwe”* (Mat.1,24)

Muri vyose Ijambo ry'Imana niryo ryagumye rirongora urugo rwa Bikira Mariya na Yozefu. Ivyo bibonekera k'ukugene abo bavyeyi ba Yezu banye bakwirikiza ico amategeko ya Musa yari yarategekanije. Ukugamburukira Ijambo ry'Imana vyatumye Bikira Mariya na Yozefu basangira vyose mu rugo rwabo. Vyarabonetse n'igihe barara mu gahinga hageze ko Yezu avuka, aho bamuhungishiriza mu Misiri, n'igihe bafatanyaga urugendo rwo kumurondera bibaza ko yazimiriye i Yeruzalemu.

Nkuko umuryango mweranda w'i Nazareti wabiduhayeko akarorero, Ijambo ry'Imana niryo ryubakira abubatse, niryo shingiro ry'indero baha abana babo. None hokorwa iki kugira ngo Ijambo ry'Imana ribe imfungurwa y'ingo z'abakristu?



† VENANT BACINONI

EVÊQUE DE BURURI

III. ICO INGO ZOKORA

Kugira ngo ingo zacu zihazwe n'Ijambo ry'Imana, ndabasavye ibi bikurikira:

III.1. Bibiliya irimwo Ijambo ry'Imana nimuyitunge.

Igitabu ca Bibiliya ni itunga risumba ayandi matungo yose. Naho muri iki gihe hariho ubukene bwinshi, ico ciza kingana gurtyo nta mukristu yocirengagiza kuko ari itunga ridahera. *"Ijuru n'isi bizozimangana, yamara amajambo yanje ntazozimangana"* (Luka 21,33). Ni mucigorere rero, mukigire muheze mugitunge. Abadashoboye kuronkera rimwe amafranga yo kukigura, mukiziganirize buhoro buhoro, canke ababana hafi mutererane gushika urugo rwose ruronse icarwo.

Ugutunga igitabu ca Bibliya Nyeranda ni ukucihebera. None rero, ndabasavye nshimitse ngo mufashanye kukironka mu guhana ingurane yo kukigura, uyu mwaka w'ubutumwa dutanguye uzorangire ingo nyinshi z'abakristu zimaze gutunga ico Gitabu ceranda. Mboneyeho n'ugusaba ama paruwase ngo ategukanye ikibanza kibereye kiri ahabona, muhashire izo Bibliya, cane cane ku misi y'Imana, kugira ngo abakeneye kukigura bakibone kandi bakironke hafi bitarinze kubagora.

Nsavye kandi ababishoboye gutunga Bibiliya Nyeranda mu bundi buryo nko mu ma telefone canke mu mamashini amwe bita "nyabwonko", gurtyo. Ijambo ry'Imana ryame riri hafi yanyu, ribe umuco w'aho mushira ibirenge vyanyu, umuco w'inzira mugenderamwo.

Muri mwebwe harimwo abamenyereye gutanga utuganuke mu manza canke ibindi bihe. Ndasavye rero ko mu vyo mutanga, mwokwimenyereza kuja murashiramwo igitabu ca Bibliya Nyeranda. Uwo mugenzo mwiza ni muwijukire, muwukomeze, kuko muba mutanze itunga ridahera, rikongera rigashigikira ingo zacu.

III.2. Ijambo ry'Imana nimurisome

Ijambo ry'Imana ni imfungurwa ibeshaho, ntibikwiye kuritunga vyonyene, ni ukurisoma nyabuna mudatezura. *"Ariko weho, ugume kuvyo wize ukavyemezwa kuko uzi abakwigishije. Kandi urazi yuko kuva mu buto bwawe wamye umenya Ibitabu vyeranda bishobora kuguha ubwenge bugushikiriza ubukiro kubw'ukwemera ufise muri Kristu Yezu. Ivyanditswe vyose vyamuka ku Mana kandi birafise akamaro mu kwigisha, mu kujijura, mu kurongōra no mu kurera mu butungane, kugira ngo umuntu w'Imana aronke ibikwiye vyotuma ashobora kurangura igikorwa ciza cose"* (2 Timote 3,14-17).



† VENANT BACINONI

EVÊQUE DE BURURI

None rero, ntimutunge Bibliya nk'igisharizo, ni muyishire ahakirurutse, ku musi ku musi aho bishoboka, muyizingurure, muyisome, yaba umw'umwe ukwiwe canke mugiyeye hamwe. Nka rimwe mu ndwi aho bishoboka mwicare hamwe mu rugo muyisome. Uwo mugenzi mwiza uzobabera isôko ry'umugisha w'Imana, Ijambo ry'Imana naryo rizobabera umuco n'isôko muvomamwo ivyiza vyose bishigikira ingo zanyu. Ivyo rero ntimugire ngo tubibwira abazi gusoma bonyene, n'uwutazi gusoma arafise hafi yiwe uwubizi, yomusaba rero ko yoza aratora ijambo amusomera, kandi akabimufasha kenshi, gurtyo na we nyene akwumva ic'Imana imuganirira.

Ndasubiye gusaba nshimitse ko mu nama z'imibano rukristu zose zigirwa, inama imwe kuri zibiri zigirwa, izoharirwa gusoma n'ukuzirikana Ijambo ry'Imana. Mu mihari no migwi y'ubutumwa naho, ndasavye ko inama zose zokwama zitangurwa n'ugusoma Ijambo ry'Imana, maze ico gisomwa kikaba categuwe imbere y'uko inama itangura.

Mumenye kandi ko mutosoma Ubwuzure bushasha gusa, mwosoma n'Ubwuzure bwa kera. Niko ntiharimwo ivyiza gusa, kuko abantu turi bamwe, kandi ni co gituma Imana yabwirizwa kurera igihugu cayo mu kubaha amabwirizwa no mu kubarungikira abahanuzi bayabibutsa. Ariko ibibi dusangamwo bitwigisha ivyo twokwirinda gukora, ivyiza navyo, kandi ni vyo vyinshi, ni vyo twokwihatira kwigana. Tumenye ko Isezerano rya mbere ritegura rishasha muri Yezu Kristu, kandi ko ibinyegejwe mu Bwuzure bwa kera bigaragarira mu Bwuzure bushasha.

Twibuke ivyo Yezu amaze kuzuka yabwiye ba bigishwa babiri baja i Emmausi bagenda baraganira ivyari vyabaye vyose. Yezu abegereye yababajije ati: *"Ivyo mugenda muravuga n'ibiki? Barahagarara bijiriwe. Umwe muri bo yitwa Kleofasi, aramwishura ati: "Ni wewe wenyene uciye i Yeruzalemu utazi ivyabaye muri iyi misi?" Nawe ati vy'ibiki" Bati: "Ivya Yezu w'i Nazareti: yari umuhanuzi yakûra bese mu kuvuga no mu gukora imbere y'Imana n'imbere y'abantu, abakuru b'abasaserdoti n'abashingantahe bacu baramuguze, bamucira urwo gupfa, bagirako baramubamba ku musalaba. Ariko tweho twaritwizigiye ko ari we yari gucungura Israeli, none bukeye gatatu ivyo bintu bibaye! (...) Yezu rero ababwira ati: "Mwa biburabwenge mwe, nta mutima mugira ngo mwemere ivy'abahanuzi bavuze! None ntikwari ko ngo Kristu arinde ayo magorwa yose, kugira ngo ashikire ubuninahazwa bwiwe?" Ahera rero kuri Musa, ahetura abahanuzi bese, abasigurira ivyanditswe mu Bitabu bimwerekeye"*(Luka,24,17...27). Abonekeye bamwe cumi n'umwe nabo, yababwiye nk'uko nyene ati: *"Ivyo ni vyo nahora ndababwira tukiri kumwe, hamwe nababwira ivyo vyose vyari vyanditswe kuri jewe mu gitabu ca Musa, mu bahanuzi no mu mazaburi, ko bizohaba. Hanyuma abaha ubwenge ngo bashobore gutegera neza ivyari vyanditswe, ati : Vyari vyanditswe ngo Kristu azobabare, aheze yizure mu bapfuye amaze gatatu mu kuzimu, kandi ko kw'izina ryiwe ikigongwe abacumuye bagirirwa kizokwigishwa mu bihugu vyose... Kandi ni mwe muri ivyabona"*(Luka 24,43...48).



† VENANT BACINONI

EVÊQUE DE BURURI

III.3. Ijambo ry’Imana nimurizirikane

Urugo rugaburirwa Ijambo ry’Imana rurakomera mu bukristu. Ijambo ry’Imana ni mwamara kurisoma, murarisubiramwo kabiri gatatu, mufate umwanya w’agacerere kabafasha kurinyengetereza mu mitima yanyu, hanyuma musenge murifatiyeko.

Mu kuzirikana Ijambo ry’Imana, murazoryirabishako. Muzokwame mwirinda kuryifadikiza mu gucira urubanza abandi.

Ijambo ry’Imana kandi muzorizirikane mu gusoma amazaburi, canke mu kuyaririmba, kugira bibabere uburyo nyabwo bwo gutangarira urukundo Imana yadukunze, n’ugutegera inyifato nziza zijanye n’ibihe bimwe bimwe umuntu aba arimwo: ubuhirwe canke amagorwa.

Abahinga mu vy’indirimo ni baje imbere y’abandi, mu guhingura indirimbo zifatiye kw’Ijambo ry’Imana no ku mazaburi, bafashe abandi kuninahaza Imana. Duheze tumenyere gusenga twishimikije Ijambo ry’Imana, niryu riduha intumbero n’insiguro y’ibihe tuba tugezemwo. Gusoma amazaburi ni kimwe mu bidufasha gusenga mu bihe vyose tuba turimwo, biba ivy’umunezero canke ivy’amagorwa.

IV. DUSOZERE:

“Yihaye Umubiri mu nda ya Bikira Mariya, yigira umuntu, kugira ngo adukize”

Mu gusozera iyi nyigisho, twibuke ko turi mu gihe c’ukwitegurira guhimbaza ivuka ry’Umukiza wacu Yezu Kristu, ari co twita Ubushikiro. Ekleziya Umuvyeyi wacu iduhamagarira kwitegurira kwibuka n’uguhimbaza umusi mukuru cane wa Noweli, tukazirikana ikinyegezwa gihambaye cane c’aho Imana yaza kwigira umuntu muri twebwe, ikabana natwe. Tuzoshemeza Jambo w’Imana yigize umuntu, twifatanye n’Umuryango mweranda wa Bikira Mariya na Yozefu mu guha umwana Yezu ikaze rimukwiye.

“Hahiriwe abazigama amabwirizwa yiwe” (Zaburi 119,2)

Mu gusozera iyi nyigisho kandi, turabibukije ko ukwemera kwacu gukomoka ku kumenya ijambo ry’Imana, kuryakirana umutima ugororotse, kurizigama n’ukurikurikiza mu mico yacu, mu bikorwa vyacu no mu migenderanire dufitaniye n’abandi. Igitabu ca Bibiliya kirimwo iryo jambo ryeranda ry’Imana rero, ni duhagurukire kukirondera, tukivyagize mu



† VENANT BACINONI

EVÊQUE DE BURURI

ngo zacu. Ijambo rizima ry’Imana turihe ikibanza c’iteka mu mitima yacu no mu ngo zacu. Turisome mu gutangura imirimo yacu no mu kuyisozera, turisome mu gusengera amanama n’amakoraniro aduhuza, turironderemwo umuco umurikira ibirenge vyacu n’inzira zacu na ntaryo.

Tugiriyeko kandi dusubira gusaba ababishoboye mu rwaruka, mu mashure yisumbuye n’aya zakaminuza, abari mu mihari no mu yindi migwi y’ubutumwa ko bokwijukira gushinga imigwi yo gusoma Bibiliya Nyeranda. Turasavye ababishoboye mu rwaruka, mu bahinguzi, mu baririmvyi, abacuraranga, n’abandi bahinga, ko bodufasha kumenyekanisha n’ugukundisha igitabu ca Bibiliya mu gutunganya amahiganwa azotuma ibitabu vya Bibiliya bimenywa na benshi kandi bakagira inyota yo kubisoma n’ukubimenyekanisha aho babaye, maze abakristu tubashe gutera intambwe mu kumenya no mu gukunda Jambo w’Imana yatuvukiyemwo, twijukire kuba abasuku nyabo b’Ijambo ry’Imana.

Bigiriwe i Bururi, ku wa 25 Munyonyo 2019

✠ Venansi Bacinoni

Umwungere wa Diyosezi ya Bururi